

Kisa ou dwe konnen sou Rechèch Kontak nan Connecticut



Kisa rechèch kontak ye.

Rechèch kontak, pwosesis kontakte tout moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa te gen kontak ak yon moun ki teste pozitif, se yon fasyon pou ralanti pwopagasyon COVID-19 epi pou pwoteje ou menm, fanmiw ak kominotew.

Chèchè kontak yo ap antre an kontak avèw si ou teste pozitif pou COVID-19 epi ap rele tou moun ou te gen kontak rapwoche avèk yo - men yo ap kenbe enfòmasyon ou yo pwoteje. Wap wè "CT COVID TRACE" oswa nimewo depatman sante nan lokalite w la lè yo relew.

Chèchè kontak la pral poze kèk kesyon kew kapab twouve pèsònèl, men li enpòtan pou ou reponn an tout franchiz.

Konfidansyalite.

Nenpòt enfòmasyon ki pataje ak yon chèchè kontak konfidansyèl. Siw pale ak yon chèchè kontak paske ou teste pozitif, epi ou ba yo non moun ou te an kontak yo, chèchè kontak la pap di se ou ki bay enfòmasyon sa yo.

Objektif inik ki fè nap kolekte enfòmasyon sa yo se poun kapab bay ou menm, ak ou moun ou te an kontak yo enstriksyon sou kijan pou pwoteje tèt ou ak kominotew.

Remak sou tès yo.

Siw te gen kontak rapwoche ak yon moun ki te teste pozitif, doktèw oswa depatman sante nan lokalitew kapab mandew pou fè tès.

Si yo fè tès pou ou yap mandew nimewo telefòn ou. Li enpòtan pou bay nimewo telefòn ou si ou teste pozitif, pou yo kapab enfòmew pou swiv etap yo korèkteman.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut

Moun kap relew yo.

Doktèw oswa klink lan

- Doktèw oswa klink lan ap relew pou baw rezilta tè s la. Si tè s ou a pozitif, ou kapab resevwa yon apèl de yon chèchè kontak avan ou resevwa apèl doktèw la.

Chèchè kontak

- Wap wè "CT COVID TRACE" oswa nimewo departman sante nan lokalite w la lè yo relew.
- Si ou pa reponn, chèchè kontak la ap kite yon mesaj.
- Yon chèchè kontak ap idantifye tèl li antan ke manm departman sante eta oswa lokalite a.
- Chèchè ap di non moun li vle pale avèl la.
- Se ap yon konvèsasyon an detay epi li kapab dire anviwon 30 minit.

Sante Piblik Lokal

- Rechèch kontak se yon jefò kolaborasyon an departman sante eta ak lokalite yo. Menmsi ou fè entèvyou ak yon chèchè kontak pou eta a, ou kapab toujou resevwa yon apèl swivi nan men departman sante lokalitew la. Yo kapab relew pou pran nouvèl ou pou konn kòman ou santiw epi konnen kijan ou ye nan karantèn lan. Nou konnen sipò kontinyèl se yon pati enpòtan nan pwosesis la.

Community Resource Coordinators (CRC, kowòdonatè Resous Kominotè)

- CRC yo disponib pou kowòdone resous tankou manje lojman, ak lòt bagay ki kapab enpòtan pou izolman, ki vle di ou rete lakay ou epi lwen lòt moun yo.
- Pandan entèvyouw lan, siw di kew bewzen sipò pandan izolman, oswa gen difikilte pou fè izolman, yap pataje enfòmasyon ou yo ak yon CRC nan kominotew la siw bay pèmasyon an.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut

Kesyon chèchè kontak yo pral mande, epi poukisa.

Enfòmasyonw yo

- Yo pral mandew verifye dat nesans ou, ki se grenn enfòmasyon yap itilize pou verifye idantitew - kidonk li vrèman enpoòtan.
- Yap mandew verifye òtograf nonw, lang ou prefere, ak adrès ou. Adrès ou se pou yo ka itilize pou metew an kontak ak resous nan kominotew siw ap bezwen yo.

Detay sou kijanw santiw, ak moun, plas epi aktivite ou te gentan ale pandan peryòd ou te kontajye a

- Yap pozew kesyon sou sentòm yo (siw genyen nan yo), epi kijan ou santiw. Yo kapab poze kesyon espesifik tankou: èske wap touse?
- Yap mandew kilè ou kòmanse santi sentòm yo (siw gen nan yo), epi tou se pap yon pwoblèm siw pa sonje. Chèchè kontak la ap eseye edew. Sa yo se pou kapab edew detèmine pandan konbyen tan wap gen pou ret nan izolman, epi wè pandan konbyen tan ou kapab bezwen sipò kominotè.
- Chèchè kontak la ap mandew èske wap dakò pou yon moun tcheke sou ou chak jou pou konn kijan ou santiw.

Kontak ou yo

- Yap mandew nom, nimewo telefòn, ak imèl moun ou te an kontak avèk yo pandan ou te kontajye a.
- Pandan nap ankourajew pou idantifye moun ou te an kontak avèk yo pandan tès ou a pozitif la, chèchè kontak la pap janm devwale nonw oswa di ke ou teste pozitif pou COVID-19.

Bezwen ou yo

- Chèchè kontak yo ap pozew kesyon sou kèk bagay ki te kapab anpeche ou rete lakay ou pou tann gerizon an jan sa rekòmande.
- Yo pral mandew tankou si ou gen difikilte pou fè izolman nan kay aktyèl ou a, si ou gen yon timoun, yon granmoun, oswa yon manm fanmi andikape pou okipe, si ou gen kapasite pou jwenn manje, siw gen enkyetid sou revni, anplwa oswa sekiritew.
- Repons sa yo kapab ede nou metew an kontak avèk sipò wap bezwen pou fè izolman pou tèt ou.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut

Rekòmandasyon pou Izolasyon Pèsonèl.

Yon chèchè kontak ap gen pou bay rekòmandasyon pou izole tèt ou epi yap sigjerew tou pou ou:

- Siveye sentòm ou yo. Si ou gen siy alaman tankou difikilte pou respire, chèche swen medikal ijan rapidman.
- Nòmalman ou ta sipoze rete nan yon chanm separe de lòt moun ki nan kay la epi itilize yon douch apa si posib.
- Siw pa gen chanm separe, rete osi lwen ke posib de lòt moun ak animal dosmestik ki nan kay la.
- Pa pataje atik pèsonèl, tankou gode, sèvyèt ak istansil.
- Mete mask lè ou bò kote lòt moun.

Rekonèt fwod yo.

Si gen opòtinite pou atis ki fè fwod yo pwofite de nou pandan nou vilnerab yo, yap fèl. Se poutèt sa li trè enpòtan pou konnen kisa yon chèchè kontak ka fè epi kisa li pap fè. Si yon moun fè nenpòt nan sa ki anba yo - rakwoche telefòn lan - se yon fwod.

Yon chèchè kontak connecticut pap janm:

- Mandew nimewo sekirite sosyal, lajan, enfòmasyon kont nan bank, nimewo kat de kredi, estati imigrasyon oswa enfòmasyon sou salèw.
- Kontaktew atravè rezo sosyal yo.
- Mandew pou rele yon nimewo ki kòmanse pa "1-900" oswa "900".
- Mandew pou klike sou yon link nan yo tèks oswa yon imèl.

Si ou kwè ou viktim de fwod, ou dwe kontake Department of Consumer Protection (Depatman Pwoteksyon Konsomatè) pa imèl nan dcp.complaints@ct.gov, oswa vizite ct.gov/DCP/complaint.

Enfòmasyon adisyonèl.

Pou plis enfòmasyon oswa sipò, toujou vizite ct.gov/coronavirus, oswa konpoze 2-1-1.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut